

Nujijuke ku vyo wemera: Ubusugi

Bibiliya ivuga iti: 'Mwirinde ubusambanyi.' (1 Abatesalonika 4:3) Amategeko y'Imana aragufitiye akamaro. Kugira ugume wumiye kuri ico cyumviro, nuzirikane ku ngaruka zoshika uramutse ukoze ikintu kanaka.

Amategeko y'Imana
yoba arenza urugero?

Kubera iki Imana ibuza
abantu batubakanye
gukora ibintu
vyoshobora
kubaryohera?

Ubu na ho iyumvire ivyoshobora gushika...

ICA 1

UKO WIYUMVA

ICA 2

ABAKWOSHA

ICA 3

AKARYO KEZA

ICA 4

INGARUKA

Abakiri bato benshi baja mu vyo guhuza
ibitsina batarubaka mu nyuma baricuza.
Wibaza ko biva ku ki?

Abakobwa benshi bakunda umuhungu
yobakingira, atari uwurondera
kubungukirako. Abahungu benshi na bo
usanga badakunda umukobwa apfa
kwemera vyose. **Wibaza ko biva ku ki?**

ANDIKA NG'AHA!

Niwishure ibibazo
bikurikira.



ICA 1

UKO WI YUMVA

Ni kubera iki ukuntu wiyumva mu vy' igitsina udakwiye kwama ubibona nk' umwansi?—Soma Imigani 5:18, 19.

Ukuntu wiyumva mu vy' igitsina coba ari co kintu conyene gikomeye munyinyana? (Iyumvire ibindi bihora bigushikira.)

Woba uhora uca utwarwa n' ivyo bintu igihe cose bigushikiye?

EGO

OYA

Woba wibaza ko vy' ukuri ushoboye gucungera ukuntu wiyumva mu vy' igitsina?

EGO

OYA

None ko Imana ari yo yaremye izo nyiyumvo, ikaba kandi ivuga ko ukwiye kwigumya, wibaza ko yizigiye yuko ushobora kwigumya ku rugero rungana iki?—Soma 1 Abatesalonika 4:4.

Kubera iki bamwebamwe batwenga abakiri isugi?

Kubera iki abo mu runganwe rwawe boshobora kukwosha kugira usambane?

Ukwiye kubona gute abakwosha ngo urenge ku mategeko y' Imana?—Soma Imigani 13:20.



ICA 2

ABAKWOSHA



ICA 3

AKARYO KEZA

Ni abantu abahe, ibibanza ibihe canke ibintu ibihe ukwiye kwirinda kugira ntugwe mu mutego wo guhuza ibitsina imbere yo kwubaka urwawe?



Abantu usanga birekerana mu vy' igitsina kenshi ntibahinduka ngo ni uko bubatse urwabo. None ivyo bishimika gute ku kamaro ko kuguma wirinze guhuza ibitsina imbere yo kwubaka urwawe?—Soma Abagalatiya 6:7, 8.

Ku bwawe wibaza ko bimaze iki kuguma uri isugi gushika wubatse urwawe?

Woba vy' ukuri wibaza ko kwumvira itegeko ry' Imana rigusaba kwirinda guhuza ibitsina imbere yo kwubaka bizotuma uhimbarwa kuruta kwigenza nk' uko abo mu runganwe rwawe bigenza? Kubera iki wibaza gutyo?

NIWISHINGIRE UMUGAMBI

ICA 1—UKO WIYUMVA

Bishitse nkumva ko ngira nje mu kigeragezo, nzokora ibi bikurikira:

ICA 2—ABAKWOSHA

Bishitse abo mu runganwe rwanje bakantwenga kuko ndi isugi canke bakanyosha kugira nsambane nzobishura nti:

ICA 3—AKARYO KEZA

Bishitse ngasanga ndi mu bintu vyotuma ngwa mu busambanyi, nzoca nkora ibi bikurikira:

WORORANIRWA !

Uramutse ujijutse ku vyo wemera ubu, urashobora kugira amahitamwo meza mbere n'aho abandi bovuga ibiki!